



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 16 me 2013

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY 'TACHE SENTI NAN NEW YORK'**

### ***Travay Mobilizasyon pou Senti Sekirite Fè Pati kanpay 'Tache louben Tikè'***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ajans represyon pral mennen yon kanpay “Tache Senti nan New York” (Buckle Up New) pandan 14 jou nan tout eta a pou pini chofè ak pasaje ki pa mete senti sekirite yo toupatou nan Eta New York soti 20 me jiska 2 jen.

“Enpòtans senti sekirite a klè – senti sekirite sove lavi,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pran kèk segonn pou tache senti sekirite w ouben pou byen sekirize syèjpou yon timoun se bagay ki pi senp ou kapab fè pou pwoteje tèt ou ak pasaje w yo.”

Dapre Administrasyon Sekirite Trafik sou Otowout Nasyonal Depatman Transpò Ameriken an (U.S. Depatman Transportation’s National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA), 52 pousan nan 21.253 pasaje otomobil te jwenn lanmò yo nan lane 2011 paske yo pa te tache senti sekirite yo nan moman aksidan an. NHTSA te rapòte tou nan lane 2011 senti sekirite te sove anviwon 11.949 vi nan tout nasyon an san bliye 444 nan Eta New York.

“Tache Senti nan New York” fè pati kanpay “Tache louben Tikè” (Click It or Ticket) nan tout eta a. Pandan kanpay ane sa ajans polisye ki pataje fwontyè eta a pral travay ansanm nan sa yo rele “Operasyon pase Fwontyè” pou ogmante pò senti sekirite nan sit sou fwontyè yo, pou voye yon mesaj tolerans zewo ki di kondwi ouben vwayaje san tache senti sekirite pral fè w pran yon tikè, kèlkeswa eta kot w ap viv la.

“Tache senti w se fason ki pi fasil pou anpeche blesi ak lanmò si w nan yon aksidan,” te deklare Komisè Depatman Otobomil ak Prezidan Komite Sekirite Trafik Gouvènè a, Barbara J. Fiala. “Nan Eta New York, nou te genyen yon to 90 pousan ou pi bon moun ki respekte pò senti sekirite pandan twa dènye ane ki sot pase yo. Sepandan, nou pap satisfè toutotan tout chofè ak pasaje pa tache senti yo - toutan.”

Sipè-Entandan Lapolis Eta a, Joseph A. D’Amico te di konsa, “Senti sekirite sove lavi nan Eta New York. Grasa itilizasyon kòrèk senti sekirite ak syèj sekirite pou timoun, chofè ak pasaje diminye anpil anpil risk

blesi grav ouben lanmò nan yon aksidan machin. Pandan plis pase ventan, Lapolis Eta New York te souliyen enpòtans itilizasyon mezi sekirite nan veyikil motorize. Nou pral kontinye jwe patisyon pa nou pou diminye blesi ak lanmò ki pa gen sans poutèt senti ki pat tache epi raple chofè tache l ouben y ap pran kontravansyon.”

Manm Komisyon Sante Eta a, Nirav R. Shah, M.D., M.P.H. te di konsa, “Transpò nan machin fè pati lavi toulejou nou, men moun dwe konnen danje potansyèl yo epi toujou itilize senti sekirite, menm jan tou ak syèj sekirite pou timoun ouben syèj dawpen pou tout pasaje ki gen pi piti pase uit an. Sekirite dwe premye priyorite w chak fwa ou nan yon machin epi tache senti w pou pwoteje tèt ou ak moun ou yo.”

John Grebert, Direktè Egzekitif Asosyasyon Chèf Polis Eta a (New York State Association of Chiefs of Police) te di konsa, “Chèf ak otorite polisye atravè tout eta a gen anpil fyète ak enterè nan bèl nouvel Komisè Fiala a sou to 90 pousan ou plis moun ki mete senti sekirite a. Patenarya a, edikasyon piblik la, ak efò wot viziblite pou aplike lalwa yo te jwe yon gwo wòl nan resèt sa pou gen siksè. Ak itilizasyon senti sekirite regilye ki idantifye kòm sèl fason efektif pou diminye lanmò ak blesi nan aksidan veyikil motorize, mwen konfyan efò kap fèt pou aplike lalwa pral kontinye, lajounen kou lanwit.”

Direktè Egzekitif Peter Kehoe, Asosyasyon Sherif Eta New York la (New York State Sheriffs’ Association) Peter Kehoe te di konsa, “Nou vle fè pasaje machin pran konsyans sou enpòtans tache senti yo pandan tout vwayaj yo, toutan. Yon moun ki pa mete yon senti sekirite nan yon aksidan machin gen twa fwa plis chans pou l blese ouben mouri, epi senk fwa plis chans pou soufri yon twomatis nan sèvo. Senti sekirite diminye risk blesi mòtèl pou pasaje ki chita devan nan 45 pousan. Statistik sa yo dwe fè chofè pran konsyans sityasyon an. epi TACHE SENTI YO!”

Administratè Rejyonal Administrasyon Sekirite Trafik Nasyonal la (Nasyonal Highway Traffic Safety Administration), Thomas Louizou, te di konsa, “Tache L ouben Tikè se yon konpay pou pò senti sekirite ki gen plis siksè ki janm genyen, pou ede ogmante to itilizasyon senti sekirite onivo nasyonal. Tout kote, lajounen kou lanwit, mesaj la senp -- Tache L ouben Tikè.”

“Aksidan machin se pi gwo kòz lanmò ak blesi pou timoun 1- 12 zan,” te deklare Mark Hoffacker, Koòdonatè Pwojè pou Kowalisyon New York pou Sekirite Transpò (New York Coalition for Transportation Safety) epi manm Konsèy Konsiltatif Sekirite Pasaje Timoun New York ( New York State Child Passenger Safety Advisory Board). “Paran jwe wòl enpòtan nan asire sekirite timoun yo nan machin lan. Itilizasyon kòrèk mezi sekirite pou timoun enpòtan anpil. Asire w chak pasaje ki nan machin ou byen tache – toutan.”

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418